

# NOUVÈL ENPÒTAN!

**ÈSKE SI M SÈVI AVÈK AVANTAJ SOSYAL,  
M AP DERANJE CHANS MWEN POU M  
JWENN YON KAT VÈT OSWA POU M VIN  
YON SITWAYEN AMERIKEN?**

**Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon nan  
Peyi Etazini di konsa:**

## Si w Pako Gen Yon Kat Vèt



**Sa p ap deranje  
chans ou pou w jwenn  
yon kat vèt si ou  
menm, pitit ou,  
oswa lòt moun nan  
fanmi w sèvi avèk:**

- **Swen sante**, tankou: Medicaid, NJ FamilyCare, WIC, swen pou moun ansent, lòt swen medikal ki gratis oswa ki pa koute chè
- **Asistans alimentè**, tankou: kupon alimentè, WIC, manje yo bay nan lekòl, ak lòt asistans alimentè
- **Lòt pwogram ki pa bay lajan kach**, tankou: lojman piblik, asistans pou sinistre, sèvis pou okipe timoun, fòmasyon pou travay, kupon pou transpò



**Sèl jan ou ta  
kapab gen pwoblèm  
pou w jwenn yon kat  
vèt, se si:**

- **Ou menm, pitit ou, oswa moun nan fanmi w sèvi avèk asistans sosyal ki bay lajan kach**, tankou: Asistans Tanporè pou Fanmi ki Nan Bezwen [Temporary Assistance For Needy Families (TANF)], Asistans Sosyal Siplemanè [Supplemental Security Income (SSI)], Asistans Jeneral [General Assistance (GA)]
- **Ou rete nan yon rezidans pou granmoun oswa yon lòt kote moun rete lontan pou pran swen** epi se Medicaid oswa lòt lajan gouvènman ki peye pou sa

## Si w Deja Gen Yon Kat Vèt



**Ou pa kapab pèdi kat vèt ou si ou menm, pitit ou, oswa lòt moun nan fanmi w sèvi avèk:**

- Sèvis sante tankou Medicaid oswa NJ FamilyCare, asistans alimentè, ak lòt pwogram ki pa bay lajan kach
- Asistans sosyal ki bay lajan kach
- Swen sante ki dire lontan



**Men, ou kapab gen yon pwoblèm:**

- Si ou pati kite peyi Etazini pou plis pase 6 mwa san w pa retounen epi ou te sèvi avèk asistans sosyal ki bay lajan kach oswa ou te resevwa swen sante ki dire lontan
- OSWA nan ka ki ra anpil, si w sèvi avèk asistans sosyal ki bay lajan kach oswa si w resevwa swen sante ki dire lontan pandan 5 premye ane ou pase nan peyi Etazini, pou rezon (tankou yon maladi oswa yon enfimite) ou te genyen anvan w antre nan peyi a

## Si w Se Refije oswa Si w Gen Azil



**Ou kapab sèvi avèk tout avantaj, tankou asistans sosyal ki bay lajan kach, sèvis sante tankou Medicaid oswa NJ FamilyCare, asistans alimentè, ak pwogram ki pa bay lajan kach, san sa pa gate chans ou pou w jwenn yon kat vèt.**



**Yo pa gen dwa anpeche w natirize w kòm sitwayen ameriken si w resevwa avantaj ki legal, tankou asistans sosyal ki bay lajan kach, sèvis sante tankou Medicaid oswa NJ FamilyCare, asistans alimentè, ak pwogram ki pa bay lajan kach.**

## Si w Vle Bay Yon Moun nan Fanmi w Papye



**Si w sèvi avèk avantaj, tankou asistans sosyal ki bay lajan kach, sèvis sante tankou Medicaid oswa NJ FamilyCare, asistans alimentè, ak pwogram ki pa bay lajan kach, sa p ap anpeche w bay yon moun nan fanmi w papye.**

Men sèlman, ou pral genyen pou w montre ou menm oswa lòt moun k ap bay papye a ansanm avèk ou a ap fè ase lajan pou okipe moun ki nan fanmi w la.

Moun ki nan yon fanmi pa oblije bay pwòp nimewo Sekirite Sosyal pa yo lè y ap fè yon demann pou sèvis sante pou pitit yo.

Enfòmasyon ou bay nan aplikasyon an ap rete konfidansyèl epi li pa pral okenn lòt kote.

# NJ FAMILYCARE

Affordable health coverage. Quality care.

**1-800-701-0710**

TTY: 1-800-701-0720